ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№118 (23.026) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 23, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Фэеплъ

Ящымыгъупщэ гуауэ

Мэкъуауэгъуэм и 22-м нэхущ, сыхьэти 4-м, Налшык дэт «МафІэ мыужьыхым» деж «Фэеплъ шэху ящыгъэ» пэкІу щекІуэкІащ. Іуэхур къыдэригъэпэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм. Ар екІуэкІащ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м Хэку зауэшхуэр къэхьеяуэ зэрыщытам и фэеплъу.

Пэкіум къривхьэлІащ Хэку зауэшхуэм хэтахэр, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я лІыкІуэхэр, щІалэгъуалэр.

СОБЛЫР Заремэ.
Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

НэхъыфІхэм хабжэ

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ ди къэралым илъэс зыбжанэ хъуауэ щокІуэкІ «Школ нэхъыфІ» урысейпсо зэхьэзэхуэр. УнэтІныгъитІу зэщхьэщыха а зэпеуэм хэтыну хуитщ УФ-м и къалэхэми къуажэхэми щылажьэ курыт еджапІэхэр.

Атакуевэ Нуржан

ІУАЩХЬЭМАХУЭ щІналъэм и хыхьэ Былым къуажэм дэт курыт школыр иджыблагъэ хэтащ Санкт-Петербург щекІуэкІа Урысейпсо егъэджэныгъэ форумым. АбыкІэ хъыбар къыдигъэщІащ щІналъэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ Тарим Алисэ. «Къуажэ школ нэхъыфІ-2015» унэтІныгъэм школым и зэфІэкІхэр щигъэлъэгъуащ. Къэпщытакіуэ гупым я пащхьэ иралъхьащ Іуэхущапіэм иужьрей илъэсищым зэфІиха лэжьыгъэр къызыхэщ дэфтэрэхэр, зыІэригъэхьа екъулІэныгъэмрэ здынэса лъагапІэхэмрэ я ятеуха тхылъхэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, къэпщытакіуэхэм къэралым щынэхъыфІу къалъэута къуажэ курыт школи 100-м яхэхуащ Былым жылэм дэт еджапІэр. Урысейпсо зэхуэсым и утыкум ирашащ школым и унафэщІ Атакуевэ Нуржан икІи зи пашэ Іуэхущапіэр зэрытекІуам щыхьэт техъуэ медалрэ ЩІыхь тхылърэ кратащ. Нуржан зэрыжиІэмкіэ, а екъулІэныгъэ лъагэр къыпэкІуащ егъэджакІуэ гупым зэдэууэ ягъэзащІэ лэжьыгъэ купщІафІэм.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, иужьрей екъулІэныгъэм и закъуэкъым Былым жылэм дэт курыт школыр зэрыпагэр. 2005 гъэм абы хуагъэфащащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым ЩІэныгъэмкіэ и комитетым къыбгъэдэкІ «Категорие лъагэ дыдэ зиІэ школ» щІыхь тхылъыр. 2008 гъэм курыт школыр щытекІуащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ «ЕджапІэ нэхъыфІ» къэралпсо зэхьэзэхуэм. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм Іуэхущапіэм щиІэ зэфІэкІхэр къалъытэри, 2011 гъэм ар хагъэхьащ «Урысейм и еджапІэ пэрытхэр» лъэпкъпсо реестрым.

Іуэху елпъыкІэщІэхэр, лэжьэкІэщІэ мардэхэр щытепщэ курыт школым екъулІэныгъэ куэд иджыри зыІэригъэхьну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Аргуэру соплъэ куэбжэмкІэ

Щыхум и зы псалъэм псэр къиуІэфынкІи хъунщ е дамэ абы къытригъакІэу мІэтынри хэлъщ. «Адыгэ псалъэм» и дэтхэнэ напэкІуэцІми дэ мамыругъэ, зэгурыІуэ, хъыбарыфІ къытхуихьу къысщохъу. Махуэ къэмынэу соплъэ куэбжэмкІэ, газетыр пощтзехьэм къыІуихьауэ пІэрэ жысІэу...

ИЛЪЭС куэд щІауэ ар си Іэпэгъуц, и зы тхыгъэ блэзмыгъэкІыу щІэзджыкІыу. СыщогуфІыкІ къалэн щхьэпэ - лъэпкъым хуэлэжьэныр - зи пщэ дэзыльхьэжа «Адыгэ псалъэ» газетыр дыззриІэм. Абы и зэфІэкІым хохъуэри, дыщогуфІыкІ. Псом хуэмыдэу нэхъыжьыІуэхэр тфІэкъабыльу доджэ «Ислъамым и нурнапэкІуэцІым. ГъэщІэгъуэнщ «Махуэкум» къытридзэ хъыбархэри. Арщхьэкіэ кхъыхзэгъэщынут зыхэслъхьэ щымыІэу газетым къытехуэ Псалъэзэблэдзыр зэрысфІэфІыр. Сщыгъупщэжа куэд абы къызигъэщІэжащи, жэуапи сыльтыхъуэжьркъым.

ФІыщІэ яхузощІ «Адыгэ псалъэр» махуэ къэс ирагъэфІакІуэу къыддэзыгъэкІ редактор нэхъыщхьэми газетым и лэжьакІуэхэми.

Мис иджы аргуэру сыщысщ, соплъэ куэбжэмкІэ...

КЪАРЕЙ Розэ.

КъБР-м, УФ-м, дуней псом къыщыхъу Іуэхухэм щыгъуазэ зыфщІЫнумэ, лэжьыгъэм, щэнхабзэм, щІэныгъэм, спортым я щыгухэм вагъуэщІэу къыщыунэху адыгэ щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ зэвгъэщІыхунумэ, ди хабзэ дахэм фи бынхэр щІэфпІыкІЫнумэ, щхьэщхьэраци, фи жьэгу пащхьэ анэдэлъхубзэр щыІуну фыхуеймэ, къыхэфхынур зыщ: «Адыгэ псалъэрщ».

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ
АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР
1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр мэкъуауэгъуэм и 28-м зэриухыр.

Ди газетым мазихым и уасэр сом 839-рэ кІэпІейкІэ 88-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм теухуа Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыдигъэкІа Указ №85-УП-мкІэ къищтам, и пункт 3.3-м ипкъ иткІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №66-РП-м;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкІа Унафэ №96-РП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м
№58-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Унафэ №58-РГ-мкІэ къищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм ХЭТХЭР

Бэрбэч Джэрийхъан Заур и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІыр

Агибаловэ Еленэ Николай и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІым и куэдзэр - щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъэхэмрэ экологиемкІэ министрыр

Мокаев Ашэмэз Магомет и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІым и къуэдзэр - щІымрэ мылъкумрэ я Іуэхухэмкіэ министрыр

Аульэ Ахьмэд Іэхьед и къуэр - спортымкІэ министрыр

Джэдгъэф Маринэ Анатолий и пхъур - граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкъэ лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ министрыр

Дзэгъащтэ Азэмэт Мусэрбий и къуэр - щэнхабзэмкІэ министрыр

Дэхъущокъуэ Тимур Мурат и къуэр - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрыр

Жабеловэ Гюльдарэ Аким и пхъур - промышленностымрэ сатымкІэ министрыр

Жанатаев Мурат Руслан и къуэр - ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министрыр

Казаковэ Каринэ Борис и пхъур - курортхэмрэ туризмэмкІэ министрыр

Канунниковэ Аллэ Владимир и пхъур - лэжьыгъэмкІэ, щІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ министрыр

КъуэщІысокъуэ Тимур Мустэфар и къуэр - финансхэмкІэ министрыр

Лутовэ Маринэ Алий и пхъур - печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ министрыр

ТІатІым Мурат Мухьэриб и къуэр - гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ министрыр

Тумэ Аскэр Аслъэнбэч и къуэр - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министрыр

Ханукаев Исай Давид и къуэр - экономикэ зыужьныгъэмкІэ министрыр

Щокъэрэ Болэт Мусэ и къуэр - узыншагъэр хъумэныкІэ министрыр

Ету Исльам Хьэмидбий и къуэр - энергетикэмкІэ, тарифхэмкІэ, псэупІэм и Іэнатіэм щыкІалъэлъпльныкІэ министрыр

«2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи щІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

Мы Унафэм хэру егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 28-м
№259-П-П

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2015 гъэм накъыгъэм и 28-м

1 статья

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым (адэкІэ - Фондщ) и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуа отчётыр къэщтэн, мы къыкІэлъыкІуэ бжыгъэ нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ:

1) Фондым псори зэхэту и хэхъуэхэр сом мин 6754618,6-рэ, абы щыщу бюджет зэхуаку трансферту ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ федеральнэ фондым къигъэхьар сом мин 6658846,1-рэ хъуу;

2) Фондым псори зэхэту къигъэсэбэпа ахъшэр сом мин 6693614,7-рэ хъуу;

3) Фондым и профицитыр сом мин 61003,9-рэ хъуу.

2 статья

2014 гъэм Фондым и бюджетым зэрагъэзэщІам хиубыдэ бжыгъэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэр къэщтэн:

1) 2014 гъэм Фондым и бюджетым и хэхъуэхэр - мы Законым и гуэдзэн №21-м зэритым хуэдэу;

2) 2014 гъэм Фондым и хэщІхэм я зэхэлъыкІэм и лъэныкъуэкІэ разделхэм, раздел къуэдзэхэм, мурад пыуыкІахэмкІэ статьяхэм, зытрагъэкІуэда мурадхэм ятещІыхьауэ - мы Законым и гуэдзэн №2-м зэритым хуэдэу;

3) 2014 гъэм и Фондым хуримыкъу ахъшэр зэхуигъэхьужьын папщІэ къызэриІэпэща финансхэм я хэкІыпІэхэр - мы Законым и гуэдзэн №3-м зэритым хуэдэу;

4) 2014 гъэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ федеральнэ фондым и бюджетым къыхэкІыу къыхуаутІыпща бюджет зэхуаку трансфертхэр зэрытрагуэшар - мы Законым и гуэдзэн №4-м къызэрыщыгъэлъэгуам хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м
№21-РЗ

ЩІыхуэм пыщІа къаугъэ

Алыджым и кьалащхьэ Афины и парламентым и бжэІупэм тхьэмахуэ махуэ кІуам щекІуэкІащ щІыхуэм минхэр зыхэта пэкІу.

Дунейпсо валютэ фондым нэхъ пасэу Алыджым ирата щІыхуэр пІалъэ къыхимыгъэкІыу итыжьын хуейуэ хуагъэуващ. Мы мазэм и 30 пщІондэ а къэралым итыжьын хуейщ еврэ мелардрэ ныкъуэрэ. Ар хузэфІэмыкІмэ, Алыджым и мылъкум щыщ фІатхьэкъунущ. Я къэралым апхуэдэу къыхэрытракъуэзрщ щІыхуэр зыгъэгубжьар.

ЕС-м и унафэщІхэр Брюссель блыщхьэм щызэхуэсу Алыджым щыІэ щытыкІэм, щІыхуэр абы къеІыхьжа зэрыхъуну щІыкІэхэм зэрытепсэлъыхьынум щыгъуаз щІыхуэхэм я мыарэзыныгъэхэр кьаГъэлъэгъуащ «Ди къэралыр едгъэщэнукъым», «Еврэм дыхуейкъым», «ЩІыхубэр фи жьІэ щІэувэнукъым» къыхуеджэныгъэхэм щІэту.

«А пІалъэм ирихьэлІэу Алыджым щІыхуэр зэрыхуэмытыжьынур фІыуэ ящІэ ЕС-м хьихьэ кьэралхэм. Дэ сыт хуэдэ Іэнатіэми нэхъри ткІийуэ щызэдгъэзэжхуэным драхулІэным, уеблэмэ кьапхъэным драубыдэным хуэгъэза лъэбакъуэщ ахэр», - жаІащ пэкІур къызэзыгъэпэщахэм.

Алыджым и премьер-министр Ципрас Алексис а махуэ дыдэм телефонкІэ епсэлъащ ФРГ-м и канцлер Меркель Ангелэ, Франджым и президент Олланд Франсуа, Еврокомиссэм и унафэщІ Юнкер Жан-Клод сымэ. Правительствэм и унафэщІым абыхэм яхуигъэлъэгъуащ щІыхуэр зэгтегъэкІыжьным хуэунэтІа, лъэныкъуитІми я фейдэ зыхэлъ хэкІыпІэхэр.

БзаджащІэхэм я зэранкІэ

Компьютерхэр ди псэукІэм щыщ Іыхьэу зэрыщытым, уеблэмэ щІыху гъащІэр абыхэм куэдкІэ елъыта зэрыхъуам ущІытепсэлъыхьыни щымыІэу псори нэрылъагъущ.

Варшавэ и дунейпсо аэропортым и лэжьыгъэр дыгъуасэ зэрызэтрахуфар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ абы. Гъэзу техьэнухэр зытх системэр компьютерым хуэІэзэ дыдэ бзаджащІэхэм зэІагъэхьэри, къыхъльатэхэр щытелъэтыкІыну зэманкэр зэхэзэрыхьа хъуат. Насып яІэти, уэгум ит кхъухьлъатэхэм а мыхъумыщІагъэр зыкІи зэран яхуэхъуакъым.

Аэропортым и лэжьыгъэр сыхьэт бжыгъэкІэ къызэтрагъэувыІэн хуей хъуащ. ЦІыху минрэ щитхум нэблагъэ и чэзум лъэтэфакъым зэзкІуэн хуея щыпІэхэм. Хакеркэм я зэранкІэ къызэпыда хъущ Краков, Вроцлав, Гданьск, Гамбург, Дюссельдорф, Копенгаген, Стокгольм, Брюссель кьалхэм, нэгъуэщІ куэдми лъэтэн хуея рейсхэр.

«Дэ апхуэдэу лъэщу хакеркэр кьыщыдэбгъэрыкІуа зэи къэхъуакъым. Иджыпсту аэропортым и лэжьыгъэр зэтыдоухуэж. ДгъэІэпэхуэн хуей хъуа рейсхэр зэрыдгъэльэтэным яужь дитщ», - щыжаІащ LOT авиакампанием.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Анэ шыпхъу анэ палъэщи, адэ къуэш адэ палъэщ.

НОБЭ

♦Олимп дунейпсо махуэщ
♦ООН-м и къэрал кьуакъу щІэным и дунейпсо махуэщ
♦Фызабэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Джейхэмрэ хыкхъуэхэмрэ я дунейпсо махуэщ
♦Къэзахъстаным и полицэм и махуэщ

♦1930 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием экономикэмкІэ и институтыр.

♦1868 гъэм зэрытхэ машинкэ къаГупсысащ.

♦1941 гъэм Къэсейхьэблэ щыщ ТхьэмытлІокъуэ Хьэсэн Къухьэпіэ Украинэм и къэрал гъунапкъэр ихуэмэу, лІыгъэ хэлъу и гъащІэр итащ: гранатэхэр щІэпхауэ фашист танкым зыщІдзэри, ар икъутащ, еэзри хэкІуэдащ.

♦Парт, къэрал лэжьакІуэ, хьэрычэтэщІэ, псапащІэ, КъШР-м гипс къыщыщІагъэкІыу щыІэ заводым и унафэщІ **Аргун Олег** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэмыргуей Валентин** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Меладзэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 21 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Узыр тщхьэщах, гъащIэр яхъумэ

Мэкъуауэгъуэм и 19-м Налшык къалэ и Курзалым щагъэлъэпIащ Медицинэ лэжьакIуэм и махуэр. Зэхыхьэм кърихьэлIат а IэнатIэ мытыншым пэрыт IэщIагъэлIхэр, дохутырхэр, ветеранхэр, щIыналъэ унафэщIхэр.

КъБР-м и Премьер-министрым и хъуэхъу.

ПШЫХЬЫР къызэIуахащ КъБР-м, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ я артист Зеущэ Iэуесрэ КъБКъУ-м и цIыхубэ хорым хэтхэмрэ зэдагъэзэщIа «Люди в белых халатах» уэрэдымкIэ. Абыхэм яужь, утыку къихьащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр мы гъэм къэзыух щIалэгъуалэр икIи урысей дохутырхэм я тхьэрыIуэр абыхэм ятащ.

Медицинэм и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуу КъБР-м и Iэтащхьэм къигъэхьа тхыгъэмрэ абыхэм ящыщ зыбжанэ зэрагъэпажэм теухуа унафэмрэ (ахэр ди газетым тетащ) Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий къеджащ.

Къищынэмыщlауэ, КъБР-м и медицинэ лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим. «ЦIыхупсэр IэфIщ. Ди узыншагъэм дыкъыхигъэзыхьу зэрыщIидзэу дэ занщIэу зыхудогъазэ дохутырым. Уэрэдым зэрыщыжыIащи, абы лIэныгъэр къегъэувыIэф, узыр тщхьэщех, узыншагъэр зэтрегъэувэж. Апхуэдиз къару зиIэ ди дохутырхэм сехъуэхъуну сыхуейт езыхэри я Iыхьлыхэри узыншэну, я лэжьыгъэм щытезэшэн щхьэусыгъуэ ямыIэну, унагъуэ насып дэтхэнэми яIэну», - жиIащ абы. Жанатаев Сэлим Парламентым и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирми захуигъэзащ зи махуэр зыгъэлъапIэхэм: «ФIыщIэ фхузощI ди щIыналъэм и медицинэ лэжьакIуэ псоми, фи IэнатIэм фызэрыхуэпэжым папщIэ. Иужьрей илъэсхэм медицинэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр щытлъэгъуащ, лэжьыгъэфIхэри щызэфIэдгъэкIащ. Апхуэдэт 2013 гъэр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым медицинэм унэщIэхэр иIэ хъуащ, техникэ Iэмэпсымэ лъапIэхэр къытIэрыхьащ, цIыхум зэреIэзэ Iэмалхэм нэхъ зедгъэубгъуащ. Ар щхьэкIэ 2015 гъэм ди къалэнщ зэдгъэхъулIа лъагапIэхэр нэхъ быдэ хъун папщIэ кадр лъэщхэр дгъэхьэзырыныр, зэуIуу дызэдэлэжьэныр. Куэд елъытащ дохутырыр сымаджэм зэрепсалъэ бзэм - абы гуапэу, Iуэхур зыIутыр гурыIуэгъуафIэу хуиIуэтэн хуейщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм къегъэлъагъуэ IэщIагъэлIым и зэфIэкIыр здынэсыр. Абы и лъэныкъуэкIэ къыхэзмыгъэщу хъунукъым КъБР-м и сымаджэщхэм фIыщIэ тхыгъэ куэд мы гъэм къазэрыIэрыхьари. Псоми дощIэ цIыхум и дзыхьыр дохутырым къилэжьын папщIэ, абы ар фIыуэ зэрегугъупхъэр. Дыхуэвгъэсакъ ди зэхущытыкIэхэм, хэдвгъэгъахъуэ ди зэфIэкIым. Мы илъэсым узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм Iут ди IэщIагъэлIу 120-м щIигъум я лэжьыгъэр къалъытащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ, 70-м щIигъум къыхуагъэфэщащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр. Си гуапэу сынывохъуэхъу дэтхэнэми ехъулIэныгъэ фиIэну!».

Пшыхьыр ягъэдахэу зыкъагъэлъэгъуащ Республикэ сабий унэм и гъэсэн цIыкIухэм, «Кабардинка» къэфакIуэ гупым, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Гуазэ Тимуррэ Тхьэгъэлэдж Светланэрэ, Аруан щIыналъэм и район сымаджэщым и лэжьакIуэхэм (Хэку зауэшхуэм теухуа «На привале» макъамэ теплъэгъуэ ягъэхьэзырат), нэгъуэщIхэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

ЦIыхухэм я узыншагъэм сэбэп хуэхъу щIыпIэхэр Кавказ Ищхъэрэм и куэдщ. Iуащхьэмахуэ и дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэмкIэ къыщыщIэж псы хущхъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Урысейм и адрей щIыналъэхэми цIэрыIуэ щыхъуащ. Мыбдежым псэм дыхьэ щIыпIэ дахэхэмрэ цIыхум и узыншагъэм сэбэп хуэхъу пкъыгъуэхэмрэ щызэрихьэлIащ.

Таучэшхэ я псынащхьэхэр

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм

МЫ ЩIЫПIЭМ цIыхухэр нэхъ къыщихьэр гъэмахуэ мазищыр арами, апхуэдэ гупыж зыщIхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Псалъэм папщIэ, илъэс кIуам и турист лъэхъэнэм къриубыдэу, зыщагъэпсэхун мурад яIэу, Балъкъ и псыхъуащхьэхэм цIыху мин 30-м щIигъу къыдыхьащ.

2014 гъэм и гъэмахуэ мазищым кърикIуахэр къыщапщытэжым, икIэщIыпIэкIэ унафэ зытещIыхьыпхъэ Iуэхугъуэхэр наIуэ къэхъуащ. Псом япэрауэ, абыхэм ящыщщ псы хущхъуэхэм къакIуэ цIыхухэм зыхуэныкъуэнкIэ хъуну Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ мы щIыпIэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ ирикъуу къызэрызэмыгъэпэщар. ЕтIуанэрауэ, Iэхэлъахэм шынагъуэ щымыгъэIэным хуэгъэза Iэмалхэр мыбдежым иджыри къыздэсым дахэ-дахэу къыщагъэсэбэпыркъым. Ещанэрауэ, псы хуабэхэр зи Iэмыщiэ изылъхьэну хущIэкъу Iуэхущ1апIэхэм абыкIэ хуит зыщI тхылъхэр зэрыщытын хуейм хуэдэу зэгъэпэщауэ яIыгъкъым. Мы щIыпIэм иIэ хъуа экологие, санитар-эпидемиологие щытыкIэми арэзы укъищIыркъым. НэрылъагъуиI, зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэм икIэщIыпIэкIэ унафэ пыухыкIа гуэрхэр трамыщIыхьу щытмэ, ахэр цIыхухэм я узыншагъэм зэран хуэхъункIэ зэрышынагъуэри.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэми щытепсэлъыхьащ а Iуэхухэм. Iуащхьэмахуэ и дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэм къыщыщIэж псы хущхъуэхэм цIыхухэм зэрызыщагъэпсэху щIыкIэр езэгъырабгъу щIыным, зэтрихьа Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным елэжьыну гуп къызэгъэпэщыным хуэгъэза унафэ къыщащтащ абы. Властым и гъэзэщIакIуэ органхэм къищынэмыщIа, гупым хагъэхьащ псынащхьэхэр зыхуей хуэгъэзэныр зи пщэ къыдэхуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэри.

«Таучэшхэ я псынащхьэм» (адыгэхэр мы щIыпIэм а цIэмкIи еджэрт) зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэр дяпэкIэ къыщыувыIэ хъунур «Эльбрус» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм абы папщIэ игъэбелджыла щIыгуращ. Шынагъуэ щымыгъэIэным хуэгъэзащ бгыжь уардэм и лъабжьэм къыщыщIэж псы хущхъуэхэм мэкъуауэгъуэм и 15-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ къакIуэ туристхэр, Iэмал имыIэу, мы гъэм щыщIэдзауэ зэрыщатхынури. Абы папщIэ, КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, туристхэм я цIэ-унэцIэхэр щатхыну къэувыIэпIэ «Джилы-Су» къуэладжэм ищхъэрэкIэ щаухуащ. Шынагъуэ щымыгъэIэным хуэгъэпсащ Кисловодск - Нарзан къуэладжэ - Псы хущхъуэ - Iуащхьэмахуэ щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгур Къэбэрдей-Балъкъэрым и ГИБДД-м и къарукIэ, зыгъэпсэхугъуэ мазищым къриубыдэу, жэщи махуи зэрыщIаплъыкIынури.

Гъуэгур

Балъкъ и псыхъуащхьэм гъуэгуитIкIэ укIуэфынущ. Япэр Тырныауз къалэ къыщожьэри, къырылъэ къуейщIейхэм пхаша машинэ «лъагъуэмкIэ» ирокIуэ. Абы узэрытегушхуэ хъунур зи лъащIэр лъагэу щIым щхьэщыIэтыкIа автомобилхэращ. ЕтIуанэр, нэгъабэ зи ухуэныр и кIэм нагъэсар, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа асфальт гъуэгуращ. Мыр, дауи, нэхъ тыншщ икIи абы урищызекIуэн папщIэ машинэ хэплъыхь умыщIми хъунущ.

Нартсанэ къалэ къыщежьэ гъуэгущIэм псы хущхъуэхэри, Балъкъ и псыхъуащхьэхэри цIыхухэм гъунэгъу къазэрыхуищIам шэч хэлъкъым. Ар туризмэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ нобэрей зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ, дауи, ауэ, итIани, бгыщхьэ щIыпIэхэм дунейм и щытыкIэм щIэхщIэхыурэ зэрызыщихъуэжым къыхэкIкIэ, гъуэгущIэми щысакъын хуейщ.

Уасэхэр

ЗэхъуэкIыныгъэщIэхэм ящыщщ дяпэкIэ «Эльбрус» IуэхущIапIэм игъэзащIэ Iуэхутхьэбзэхэм уасэ пыухыкIа зэраIэнури. Апхуэдэу, цIыхуипщI зыщIэхуэу ягъэува чэтэн пщыIэхэмрэ гъущI унэ цIыкIухэмрэ зы жэщ-махуэм тIысыпIэ-гъуэлъыпIэ щызэбгъэпэщыным сом 300-м къыщыщIэдзауэ сом 500-м нэс и уасэнущ, зэрызэгъэпэща щIыкIэм елъытауэ. Яхъумэ щIыпIэхэм транспортыр жэщ-махуэ ибгъэтыным, машинэ псынщIэхэм - соми 100, автобус, хьэлъэзешэ, трейлер хуэдэхэм - сом 200 щиуасэнущ. Уэ езым къыздепшэкI чэтэн пщыIэ цIыкIур абы папщIэ хухаха щIы сэтей тIэкIум ибгъэтынумэ, жэщ-махуэм соми 100 щIэптынущ.

Абы къищынэмыщIауэ, щIыуэпсыр хъумэным щхьэж къылъысу хухах хабзэ тумэнитхури «Джилы-Су» къуэладжэм дыхьэ зыгъэпсэхуакIуэхэм мы гъэм щыщIэдзауэ ятын хуейщ. Ар хуэгъэзащ дыкъэзыухъуреихь дунейр къабзэу щыгъэтыным. Апхуэдэ ахъшэ къыхэхыкIэр ди къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщаублэ.

Уасэхэр Iупщ1у зыкIэрыт пхъэбгъухэр адэкIэ-мыдэкIэ щыхасэнущ. Ахъшэр къызэрыIахынур УФ-м и хабзэм тетущ. Абы папщIэ, кассовэ аппаратхэр дэнэкIи щагъэуващ.

Къуэладжэр мы зэманым щIэгъэхуэбжьауэ зыхуей хуагъазэ: гъущIым къыхэщIыкIа унэ цIыкIухэм ток щIашэ, гъуэлъыпIэхэр щIагъэувэ, псы хущхъуэхэмкIэ зэIэзэну къакIуэхэм папщIэ «Эльбрус» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унэм медицинэ кабинет къыщызэрагъэпэщащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ЗэIущIэхэр

ХуэмыщIа цIыкIухэм гулъытэ ягъуэт

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щекIуэкIащ 2015 гъэм сабийхэм зегъэгъэпсэхуным икIи я узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуа республикэ комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ мы Iуэхум къегъэщIылIа министерствэхэм я лэжьакIуэхэр, къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ я администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэм къыщыпсэлъащ республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт. Абы жиIащ:

- Илъэс псом лажьэ санаторэхэм, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм 2015 гъэм сабий къэс махуэ 21-кIэ зыщигъэпсэхуну ягъэуващ. Загъэпсэхуну Iэмал къезыт дэтхэнэ тхылъми сом 17367-рэ и уасэщ. ЩIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ сабий зыгъэпсэхупIэхэм апхуэдэ тхылъхэм щыщIатынур сом 12411-рэщ.

ХуэмыщIа унагъуэхэм ящыщ щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэм гулъытэ хэха хуащIынущ. Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм къриубыдэу апхуэдэ сабий 1350-м щIигъум зрагъэгъэпсэхунущ, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнущ, я къарум дэхуэмкIэ ягъэлэжьэнущ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Асанов Алим къыхигъэщхьэхукIащ сабийхэмрэ абыхэм зыщагъэпсэху IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я узыншагъэр зыхуэдэр къащIэн папщIэ абыхэм дохутырхэр, педиатрхэр, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэр, медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэр пщIэншэу зэрыхуагъэкIуэнур. Абыхэм къапщытэнущ ныбжьыщIэхэм ирагъэшх ерыскъым и фIагъыр, зыгъэпсэхупIэхэм я медицинэ лэжьакIуэхэм я къалэнхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэр.

АдэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, цIыхум псэукIэфI яIэным кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщI Пагуэ Жыраслъэн, УФ-м и МЧС-м ди республикэм щиIэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и къудамэм и Iэтащхьэ Хьэжыкъарэ Мухьэмэд, КъБР-м щыIэ МВД-м полицэм и участковэ уполномоченнэхэмрэ балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и IэнатIэмрэ я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэза-щIэ Ащхъуэт Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къаIэтащ 2015 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр нэгузыужьу икIи бэIутэIуншэу къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр. ЗэIущIэм и кIэухыу КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ жиIащ сабийхэм япэ игъэщыпхъэ зыри зэрыщымыIэр икIи абыхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэн, я нэгу зиужьын папщIэ я къару емыблэжу лэжьэн зэрыхуейр.

АФIЭУНЭ Санэ.

● Гу зылъытапхъэ

ПщIэншэу ирагъаджэ

«КъБР-м и ЦИСС» зи щхьэ хущытыж мыкоммерцэ организацэр - республикэм и хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ я щIэгъэкъуэн IуэхущIапIэр - социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэ гъэпсыкIэр ирагъэфIэкIуэн, социальнэ проектхэр гъэзэщIэным щытыкIэ щхьэхуэ къыхузэIуахын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ.

СОЦИАЛЬНЭ хьэрычэт Iуэху зехьэкIэм и школым теорием щыхурагъаджэ, бизнес план гъэпсыкIэм щыкIэлъагъэплъ, социальнэ проектхэр зэрагъэхьэзыр, ахэр зэрыпхагъэкI щIыкIэм тренер-чэнджэщэгъухэм щыхагъэгъуазэ.

Программэр Iыхьиплīу зэхэтщ, дэтхэнэми махуих хуозэ. Къыщыхах зэпеуэм пхыкIахэр пщIэншэу ирагъаджэ.

Школым къыщIэкIхэм «Социальнэ лэжьыгъэм и лъабжьэхэр» программэм и курсхэр къызэраухамкIэ тхылъхэр иратыж.

2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м къыщыщIэдзауэ и 26 пщIондэ махуэ къэс сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 18 хъуху заявкэхэр мы хэщIапIэм щыIах: Налшык къалэ, Циолковскэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 7, 311-нэ пэш, бизнес-инкубаторым и унэ.

ЩIэупщIэнухэр 96-85-02, 40-55-84 телефонхэмкIэ фыпсалъэ.

ШЕВЧЕНКЭ Аллэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ щIы Iыхьэхэмрэ зи мылъкуу щытыр иджыри ямыубзыхуа щIы Iыхьэхэмрэ папщIэ ят бэджэнд уасэр зыхуэдизыр, ар зэрат щIыкIэмрэ абы пыщIа Iуэхухэмрэ, апхуэдэу бэджэнд уасэр щат пIалъэхэр зэраубзыху хабзэхэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм накъыгъэм и 18-м

Налшык къалэ *№90-ПП*

Урысей Федерацэм ЩIымкIэ и кодексым, къэрал мылъкум, муниципальнэ мылъкум хиубыдэ щIы Iыхьэхэр бэджэнду щаткIэ абыхэм я уасэр зэраубзыху хабзэ нэхъыщхьэхэу Урысей Федерацэм и Правительствэм 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа Унафэ №582-мкIэ къищтахэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ щIы Iыхьэхэмрэ зи мылъкуу щытыр иджыри ямыубзыхуа щIы Iыхьэхэмрэ папщIэ ят бэджэнд уасэр зыхуэдизыр, ар зэрат щIыкIэмрэ абы пыщIа Iуэхухэмрэ, апхуэдэу бэджэнд уасэр щат пIалъэхэр зэраубзыху хабзэу мы Унафэм щIыгъур къэщтэн.

2. Муниципальнэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм чэнджэщ етын:

муниципальнэ щIыналъэхэм я мылъкум хиубыдэ щIы Iыхьэхэр бэджэнду щаткIэ бэджэнд уасэр зыхуэдизыр, ар зэрат щIыкIэмрэ абы пыщIа Iуэхухэмрэ, апхуэдэу бэджэнд уасэр щат пIалъэхэр зыубзыху хабзэ мардэхэр мы Унафэм къару щигъуэта махуэм щегъэжьауэ зы мазэ пIалъэм къриубыдэу къащтэну;

зи мылъкуу щытыр иджыри ямыубзыхуа щIы Iыхьэхэр къызэрагъэсэбэпым папщIэ бэджэнд уасэр зыхуэдизыр, ар зэрат щIыкIэмрэ абы пыщIа Iуэхухэмрэ, апхуэдэу бэджэнд уасэр щат пIалъэхэр щаубзыхукIэ мы Унафэм къигъэувхэр къалъытэну.

3. Къару ямыIэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкIэлъыкIуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ щIы Iыхьэхэмрэ зи мылъкуу щытыр иджыри ямыубзыхуа щIы Iыхьэхэмрэ папщIэ ят бэджэнд уасэр зыхуэдизыр, ар зэрат щIыкIэмрэ абы пыщIа Iуэхухэмрэ, апхуэдэу бэджэнд уасэр щат пIалъэхэр зэраубзыху хабзэхэм я IуэхукIэ» 2012 гъэм шыщхьэуIум и 6-м №182-ПП-м щIэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм шыщхьэуIум и 6-м къыдигъэкIа Унафэ №182-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2013 гъэм щIышылэм и 10-м №9-ПП-м щIэту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм туризмэм хухэха и щIыналъэхэм комплекс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным пыщIа IуэхухэмкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м *Налшык къалэ* *№119-ПП*

«Урысей Федерацэм турист лэжьыгъэ щегъэкIуэкIыным и лъабжьэхэм я IуэхукIэ» 1996 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м къащта Федеральнэ закон №132-ФЗ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI турист лэжьыгъэм и IуэхукIэ» 2008 гъэм мазаем и 29-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №14-РЗ-м, «Туристхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ къулыкъущIапIэ хэхахэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 1998 гъэм щIышылэм и 24-м къыдигъэкIа унафэ №83-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм туризмэмкIэ лэжьыгъэмрэ туристхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъухэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм туризмэм хухэха и щIыналъэхэм комплекс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным пыщIа IуэхухэмкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм туризмэм хухэха и щIыналъэхэм комплекс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным пыщIа IуэхухэмкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын экскурсоводхэм, турист гупхэм я унафэщIхэм я аттестацэр щригъэкIуэкIкIэ, турист лэжьыгъэм хэтхэм щахуэзэкIэ, туристхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэр къыхигъэщхьэхукIыну.

3. Я къызэгъэпэщыкIэмрэ зи мылъкуу щытымрэ емылъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и турист-рекреацэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм чэнджэщ етын езыхэм я унафэм щIэт ухуэныгъэхэр видеокамерэхэмкIэ, апхуэдэу икIэщIыпIэкIэ хъыбар зэрырагъащIэ IэмэпсымэхэмкIэ хьумакIуэхэм я кIэлъыплъыпIэ нэхъыщхьэхэм япыщIауэ къызэрагъэпэщыну.

4. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын туристхэм я зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэу туризмэм хухэха IуэхущIапIэхэр здэщыIэхэм жылагъуэ хабзэр щыхъумэнымрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэр щызэтегъэувэнымрэ къызэригъэпэщыну.

5. Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын:

туристхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ абыхэм и зэманым ядэIэпыкъунымрэ япыщIа Iуэхухэм яхуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зэригъэуIуну;

дунейм и щытыкIэнур, абы пыщIауэ къыкъуэкIынкIэ хъуну къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм ятеухуауэ туроператорхэм, турагентхэм, цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэм щыIэхэм псынщIэу хъыбар егъэщIэныр къызэригъэпэщыну;

цIыху куэдым зыщагъэпсэху, туристхэм я кIуапIэу щыт щIыпIэхэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ, мафIэсым и шынагъуэ къэмыгъэхъунымкIэ и комиссэм и зэIущIэхэм и чэзум къыщыхилъхьэну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын:

школакIуэхэм туризмэмкIэ лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIынымкIэ хабзэхэр зэблэзыгъэкI документхэм къагъэувхэр еджапIэхэм щагъэзэщIэныр, апхуэдэу школакIуэхэр экспедицэхэм, дунеяплъэхэм щыкIуэкIэ, туризмэмкIэ гъуэгуанэхэм щытеувэкIэ шынагъуэ къатемыхьэныр къызэригъэпэщыну;

еджапIэхэм я унафэщIхэм, педагогхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэкIэ туризмэмкIэ лэжьыгъэ сабийхэм зэрыдрагъэкIуэкIым, абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщым гулъытэ хэха хуищIыну;

турист гупхэм я унафэщIхэр зэрагъэхьэзырымрэ абыхэм я щIэныгъэм зэрыхагъахъуэмрэ иригъэфIэкIуэну;

узыншагъэр егъэфIэкIуэным, спортым пыщIа Iуэхухэм хэтхэр я узыншагъэр хъумэнымкIэ страхованэм, законым къызэригъэувым хуэдэу, къызэщIригъэубыдэну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хуэгъэувын гузэвэгъуэ хэхуа туристхэм икIэщIыпIэкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етыным и лъэныкъуэкIэ Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ отрядым и къудамэм - Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым - дэлэжьэныр къызэригъэпэщыну.

8. Къару ямыIэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкIэлъыкIуэхэм:

«ТуризмэмкIэ лэжьыгъэмрэ туристхэмрэ я шынагъуэншагъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэгъэпэщыным и IуэхукIэ» 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м №349-ПП-м щIэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкIа унафэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2009 гъэм щIэкIуэгъуэм и 12-м №288-ПП-м щIэту къащтам.

9. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Литовченкэ Т. В.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

● Аруан щIыналъэ

Мыбэлэрыгъмэ нэхъ къащтэ

БлэкIа уэлбанэшхуэхэм зэраныгъэ къахуимыхьа пэтми, Псыгуэнсу псым и Iуфэхэр гъэбыдэнымкIэ лэжьыгъэ йокIуэкI. Псым телъ лъэмыжышхуэр лъэныкъуэ псомкIи мывэ духэмкIэ илъэситI и пэкIэ къагъэтIылъыхьауэ щытащи, ар шынагъуэншэщ.

ИДЖЫПСТУ техникэ зыбжанэ еувэлIауэ илъэс кIуам мащIэу IуилъэсыкIа псы Iуфэхэм мывэкIэщхъыр лъагэу щызэтратхъуэж, бадзэуэгъуэм и псы къиугъуэ лъэхъэнэр шынагъуэншэу екIуэкIын хуэдэу. Лэжьыгъэр мэкъуауэгъуэм къриубыдэу зэфIагъэкIынущ. Iуэхур зэрекIуэкIым, сыт щыгъуи хуэдэу, щIыналъэ, къуажэ администрацэхэм я нэIэ тетщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

1941 - 1945

Дэнэ Къалмыкъ Даут щыщІалъхьар?

Накъыгъэм и 9-р къэблэгъэпауэ, Полтавскэ станицэм и паркым сыщрикІуэм сахуэзащ хэкІуэдахэм я фэеплъ сыныр (мемориал пхъэбгъур) хуабжьу набдзэгубдзаплъэу зэпызыплъыхь цІыхухъуиплІ. Сабгъэдыхьэри, дыдзэпсэлъащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къикІауэ къыщІэкІащ. Абы щыщ Бахъсэн щІыналъэм щыІэ Зеикъуэ къуажэм дашри, зауэм ираджат Къалмыкъ Даут Дзадзу и къуэр, 1914 гъэм къалъхуар. 1943 гъэм и щыщхьэУІум унагъуэм хуатхащ ар хъыбарыншэу кІуэдауэ.

ЗАУЭР иуха иужь и Іыхьлыхэм куэдрэ къалъхуэщ Даут и лъэужьыр, арщхьэкІэ къахуэгъуэтакъым. ИлъэС зыбжанэ ипэкІэ я лъахэгъу лІыжьгуэрым къажриІащ 1943 гъэм и фронтІадем Къалмыкъыр уІэгъэщым щилъэгъуауэ. И къуэ Заур и бынхэри хигъэхьащ и адэр хъэзыльхьхуэхэм. А зэманым архивхэр щэхуу яхъумэжыр-зыри Хэку зауэшхуэм къикІыжакъым.

БОЙЧЕНКЭ Евгений,
Краснодар крайм щыІэ Красноармейскэ щІыналъэм къыщыдэкІ «Голос правды» газетым и лэжьакІуэ.

Джырандокъуэ Умар и цІыхугъэ лъагэр

Си адэ къуэш Джырандокъуэ Умар Аслъэнбэч и къуэр ящыщщ ТекІуэныгъэ Иныр къэхьыным зи къарурэ зэфІэкІрэ езыхьэлІахэм. Щалъхуа и Хэкум хуиІэ лъагэуныгъэ мыкІуэщІыр, абы и биийхэм щысхьырабгъу имыІэу ялэщІэтыну зэрыхьэзырыр лъабжьэ быдэ хуэхъуащ Умар хэлъа лІыгъэшхуэмрэ хахуагъэмрэ.

УМАР и сабиигъуэмрэ щІалэгъуэмрэ щигъэкІуар щалъхуаБотэщей (Плановскэ) къуажэрщ. Жэпуэгъуэ Революцэ Иныи и илъэсым дунейм къытехьа щІалэ цІыкІуи и нэгу щІэкІащ ди я къаралым а лъэхъэнэм щекІуэкІа Іуэхугъуэ псори: совет властыр зэрагъэуварэ, псэукІэщІэр зэраухуари, колхоз гъащІэр зэрызэтрагъэуварэ. А къэхъукъащІэхэм яспсыхьащ Умар и гупсысэр, дуней еплъыкІэ мардэхэр.

Еджэныр зи псэм хэлъ Джырандокъуэм кУажэ школыр екъуІэныгъэкІэ къиуха нэужь, ар щэтІысхащ еджапІэ нэхъыщхьэм щыхуагъэхьэзыр курсхэм. Абы и ужькІэ Умар еджэным щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым тхыдэмкІэ и факультетым. 1939 гъэм ирихьэлІэу щІэнэтІэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щІалэщІэр япщІыкІэ педрабфакым ягъакІуэ тхыдэмкІэ егъэджакІуэу, итІанэ, республикэм и унафэщІхэм я жэрдэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиокомитетым агитацэмрэ пропагандэмкІэ и къудамэм и пашэу ягъэув.

Хэку зауэшхуэм щыщІидзам щыгъуэ, Умар илъэситІым нэсауэ дзэм кІуныкъу щищІэрт. Зауэ хуэІухуэщІэхэм щыхурагъаджэ училищэр кІуиуха нэужь, «танкист», «связист» ІэщІагъэр иІэу фронтым ІэкІэлъ лейтенант нэхъыжь Джырандокъуэр. Зауэ илъэсхэм ар щытащ дивизэм и политотделым и унафэщІым и къудэзуу, взводым, ротэм я командиру, Фрунзе къалэ военкоматым и 4-нэ частым и коменданту. А лъэхъэнэм абы игъэзэщІащ ротэм и комсомол зэгухьэныгъэм и секретарь, парторг къалэнхэр, дивизэм и политотделым лекцІэ къыщеджащ.

ЗауэлІхэм жащи махуи яхэт унэтІакІуэ Іэкіуэльакіуэм къиГуэтыфырт дэтхэнэми и псэм, и гум нэс псалъэхэр. Абы ди сэлэтхэм я фІэщ ищІыфырт бийм зэрытекІуэфынур, гъащІэм и хабзэр къызэпызыдэ щІэпхъаджащІэхэм къэкІуэну зэрамыІэр. Зи псалъэм быдагъэ, пэжыгъэ хэлъ ущиякІуэм дапщэщи сэлэтхэр къечэнджэщырт Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъэхэмкІэ. Умар куэдым щапхъэ яхуэхъурт зауэ губгъуэм щитми. УІэгъэ хьэлъэ щэнейрэ хъуати, и лъэм зэрихьэху, абы Іэщэр игъэтІылъакъым, лъыр къызэрыпыжым хуэдэу бийм пэщІэта мыхъумэ.

Днепр псым и Іэшэлъашэм щекІуэкІа зауэ гуащІэкэр куэдрэ игу къигъэкІыжырт зауэлІ хахуэм. Николаев къалэр бийм къыщыІэщІагъэкІыжым, Умар и батальоныр щыІгъуэ ебгъэрыкІуэрт бийм и штабыр зыщІэс унэшхуэм. «Е дылІын, е дылІэн», - жаІэу фашистхэм ярышу япэщІэува совет зауэлІхэм яхуэгфІэкІащ штабыр зэтракъутэн, бийм и сэлэтхэр зэтраукІэн. А ззэауэм уІэгъэ хьэлъэ щыхъуа Джырандокъуэм и лІыгъэм гулъэтэ лъаги игъуэтат абы щыгъуэ. Адыгэ щІалэ хахуэм къыхуагъэфэщауэ щытащ Вагъуэ Плъыжь орденыр. Телъ уІэгъэхэм къыхэкІкІэ Джырандокъуэр фронтым къыІуагъэкІат, арщхьэкІэ ахэр зэрыкІыжу, ар лъэІуащ зауэлІэм игъэззэкыну. Апхуэдизу абы хуеІэ хэкупсэр хуит ящІащ ижь зауэлІэнатІэм Іухьэжащ, зауэр ирухыукІи Іэщэр иІыгъуэ бийм пэщІэтащ.

- Си гъащІэм и кІуэцІкІэ къыскъуагъэфэща дамыгъэхэм я нэхъ лъапІэ дыдэт зауэшхуэр щиухам щыгъуэ къызатауэ щытар: «Германием дыззэрытекІуэм папщІэ» медалыр, - жиІэжыт Джырандокъуэм.

Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ ирихьэлІэу, Умар и кулыкъым щыпищащ Къыргызыз ССР-м и къалащхьэ Фрунзе. Къалэм и дзэ коменДант къалэныр игъэззащІэу, Джырандокъуэм бгъэдэлъ щІэныгъэ, зэфІэкІ псори хуиунэтІащ щыпІэм и цІыхубэ хозяйствэр зэфІэгъэувэжьыным. Апхуэдэу ар хущІэкъуащ лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГъэр гъэбыдэным. Илъэсым щІигъащ а ІэнатІэм Умар зэрыбгъэдэтар, ауэ а зэман кІэщІым къриубыдэу абы хуэзфІэкІащ и Іэхуэфхэмкіэ жылагъуэм пщІэрэ щІыхьрэ къыщилажьын. УмарщІэх-щІэхьыурэ яхуэзэрт лэжьакІуэбэм, ахэр зыгъэпІейтей Іуэхуэхэм гупсхуу щІэдэІурт, чэнджэщэр яритырт. Къыргызыз республикэм и тхыдэм Джырандокъуэм и цІэр фІыкІэ къыззрыхэнам и щыхьэтщ а щыпІэм и Правительствэм щыщ лІыкІуэ гуп Джырандокъуэм къыхуэкІуауэ зэрыщытар, тыгъэ лъапІэхэмрэ саугъэтхэмрэ яІыгъуу. «Къыргызыз лъэпкъым пщІэшхуэ зыхуищІ цІыхухэм ящыщщ Джырандокъуэ Умар. Зауэ нэужь лъэхъэнэм Умар икъукІэ сэбэпышхуэ ди щІыпІэм щыхъуащ мамыр псэукІэр щызэфІэгъэувэжьыныкІэ, экономикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр гъэбелджылыныр абыхэм зегъэужьыныкІэ, - жиІэрт гупым я нэхъыщхьэм. - КъызыхэкІа лъэпкъ уардэм хуэфащэ адыгэлІ нэсым дэ къытхуищІар зэи тщыгъупщэнукъым».

1946 гъэм Джырандокъуэм къиГъэзэжащ щалъхуа и щІыналъэм икІи лэжьыгъэм щыпищащ «Къэбэрдей пэж» газетым парт гъащІэмкІэ и къудамэм. Абы и пашэу илъэситІкІэ щыта нэужь, Джырандокъуэр ирагъэблагъащ Къэбэрдей щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. КІыщокъуэ Алимрэ Шортэн Аскэрбийрэ я гъусэу абы зэхуихьэсыжащ адыгэ хъыбарыжьхэр. 40 гъэхэм я кІэухым дунейм къытехьауэ щытащ «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъыр. Ар къыдэзыгъэкІа редколлегием хэтащ Умари.

Коммунист пашэр, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэльакіуэр партым и унафэкІэ а гъэ дыдэм ягъэуващ ВКП(б)-м и Къэбэрдей обкомым и лектору, ижькІэ агитацэмрэ пропагандэмкІэ къудамэм и унафэщІу. А дзыхь лъагэр игъэпэжу илъэс куэдкІэ ХэлэлІу къэралым хуэлэжьащ Джырандокъуэр. ТхакІуэ Шэвлокъуэ Пётр зэрыжиІэжамкІэ, Джырандокъуэ Умар и фІыгъэщ ди республикэм лъэпкъ творческэ интеллигенцэм хэпщІыкІыу а лъэхъэнэм зэрызыщижьар. Умар гу льитэрт зэчий зыбгъэдэлъ щІалэгъуэлэм, абыхэм чэнджэщ яритырти, еджапІэ нэхъыщхьэхэм игъакІуэрт, зыщІэхъуэпс ІэщІагъэр зрагъэгъуэтыну. ЩІэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм зегъэужьыным епха Іуэхуэр игъэнэхъапэу, абыхэм гулъытэшхуэ яхуищІу лэжьащ Джырандокъуэр. Си адэ къуэшыр ди республикэм, абы и цІыхухэм ящІэ зэрыпсэур дапщэщи жаІэрт абы и лэжьэгъуэ, ныбжьэгъуэху Аслъэнбий, Бэрбэч Хьэтлэтіэ, КІэрэф Къамболат, Шэджьхуэ зэщІэ Мухьэмэд, Шортэн Аскэрбий, Уэрсей Фаиз, Кардэн Бубэ сымэ, нэгъуэщІ куэдми.

И щІалэгъуэу, и псэугъуэ дахэу тІэщІэкІащ Джырандокъуэр. И зауэ уІэгъэхэр къэятэжри, 1955 гъэм ар дунейм ехьжащ. Шэвлокъуэ Пётр, Гъубжокъуэ Лиуан, Кьэжэр Пётр сымэ жаІэжу зэхэсхащ Умар щыщІалхъэ махуэм дыеушыи щІыхушхуэ къекІуэлІауэ зэрыщытар. Налшык и узрамхэм щІыхур дэзт. Хэкупсэ нэс Джырандокъуэр иужьрей гъуэгуанэм трагъэувэну ахэр къикІат ди республикэм, хамэ щІыпІэхэм я жылагъуэхэм. Апхуэдэ пщІэ лъагэр Джырандокъуэм кІидлэжьат и псэм щымыхьу бий зэрыпхъуакІуэм зэрыпэщІэтамкІэ, и Хэкур фІыуэ илъагъуу, абы и зыужьныгъэм и гуащІэрэ щІэныгъэрэ ирихьэлІэу зэрыпсэуамкІэ.

Джырандокъуэ Умар унагъуэ дахэ къыщІэнащ. Абырэ и щхьэгъусэ Людмилэрэ щІалитІ зэдагъуэтащ: Юрэрэ Викторрэ. Умар дунейм ехьжа нэужь, абыхэм я гъэсэнри еджэнри Людмилэ и пщэм къыдэхуащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ, зэрыпсэун Іэщ1агъэ яригъэгъуэтащ и къуэхэм анэм, унагъуэ щхьэхуэу игъэтІысыжащ, гъащІэми лъэ быдэкІэ хигъэуващ. Умаррэ Людмилэрэ я къуэ нэхъыжь Юрэ Сыбыр Федеральнэ щІыналъэм КъБР-м и полномочнэ лІыкІуэу щыІэщ. ЩІалэ нэхъыщІэ Виктор КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм илъэс куэдкІэ щылэжьащ, иджыпстухьэрычэтыщІэщ. Зэкъуэшхэм, абыхэм къащІэхъуа щІэлэ дахэм сакъыу яхъумэ я нэхъыжьхэм я фэеплъыр.

ДЖЫРАНДОКЪУЭ Михаил.

Псалъэм и пэр умыщІэмэ...

Мы тхыгъэ цІыкІур зи ІэдакъэщІэкі журналистым, дауи, фІыщІэшхуэ хуэщІыпхъэщ апхуэдэ и гулъытэм папщІэ. Ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, абы нэсу къигъэлъэгъуэфакъым мы Іуэхум къызэрыщІидзар.

ЯПэщІыкІэ гупыр (ахэр фэеплъ сыным бгъэдэту сурэтым щыволъагъу: сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ Даут и пхъурылъху Мэршэнкъуэ Сэфарбий, Заур и къуэшым и къуэ Руслан, езы Заур, и къуэ Мухьэмэд сымэщ). Ростов областым щыІэ Сальск къалэм кІуащ, зыльхьхуэм и лъэужьыр абы щыІэ я гугъэу, арщхьэкІэ...

Си ныбжьэгъу Мэршэнкъуэ Сэфарбий къеІуэтэж:

- Сыт дымыщІами, дгъэзатакъым. Дзэ комиссариатым къыщыджалащ абы и хьэдэр мы щІыналъэм зэрыщІэмылъыр. ДыкъыщыщІэкІыжьым зы цІыхубз лъагэгуэрэфІэ гуэрым дыкъигъэувыІащ: «Зэ фымыпІащІэ. Сэ компьютеркІэ сыфхуэзгъэхьхуэнщ - ТекІуэныгъэм и махуэм и хьэтыркІэ, иджы дэ архивхэм тыншу дахоплъэф».

Зэрыжи1ам хуэдэу хъуащ. КьыщІэкІыжри, къыджи1ащ: «Краснодар крайм щыІэ Красноармейскэ щІыналъэм фыкІуэ». ДыгуфІэри, дежьащ. Дынэса иужь Полтавскэ къуажэм (нэхъапэм Красноармейскэу щытащ) хэкІуэдахэм я фэеплъу дэт сыным тетт: «Къалмыкъ Д. Д.». Дыдэлъхьхуэр хъэдгъуэтащ! ЩЫпІэм щыпсэухэм чэнджэщ къыдатащ Красноармейскэ щІыналъэм и ветеранхэм я советым и унафэщІ, дзэм къыхэкІыжа Потапенкэ Валентин зыхуэдгъэзэну: «Абы псори ещІэ». Къхъэм дишэри, а лІыжь угъурлИм дигъэльэгъуащ ди адэшхуэм и къхащхьэр. Хэгъэрейм къыджи1ащ:

- Мы щІыпІэм мазиблым нэскІэ зэхуэхэр щекІуэкІащ, зэм дыдейхэм хуит къащІыжу, зэми нэмыщхэм яубыдыжу. Фи адэшхуэр зыщІэлІыхьа гуэр иджы школ ящІащ. А лъэхъэнэм ар чэзу-чэзууэ совет уІэгъэщуи нэмыщэ уІэгъэщуи щытащ. Фи фІэщ фщІы Даут дыдей дыдэу къызэрытлъытэр. НэгъуэщІуи цІыху напэм кІъэзэгъыныкъым: абы и псэр щІитащ ди лъахэр хуит къащІыжыным. Хуабжьу ди гуапэщ фыкъызэрыкІуар. Дяпэкіи дыныфпоплъэ.

Апхуэдэ цІыхугъэ гуапэ ядэтлъэгъуащ ди гъуэгуанэм дызыщІихьэлІа псоми. Езым и щхьэкІи игъусахэм я щІэкІи Сэфарбий фІыщІэ яхуещІ щІэкІуа Іуэхур къайхьуІэныкІэ къадэІэпыкъуахэм.

Иджы къыхэдгъэщхьэхукІынщ Даут и мызакъуэу, и къуэшиплІри зауэ гущІэгъуншэм зэрыхэхуэдар. 1905 гъэм къалъхуа я нэхъыжь Барэсбии, абы нэхърэ илъэситхукІэ нэхъыщІэ Къари, къакІэлъыкІуэ Мухьэмэди хъыбарыншэу кІуэдащ (иужьрейр 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм хэту дэкІуэу щытащ). 1916 гъэм къалъхуа ПІпІэ лейтенантт, КъьхьэпІэм щыІэ застaverage и унафэщІт. Ар 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м зауэм щІидзэри, зы махуэ фІэкІа дэмыкІыу къауклащ.

Къалмыкъхэз ящыщу зауэм хэкІуэдахэм я Іуэху зэрыхъэр зэхэзыгъэкІхэм, къайхьулІам игъэгушхуауэ, я мурадщ я Іыхьлыхэм я лъэужьхэр нэхъри егугъуу къалъхьэуэну.

ШАЛ Мухьэмэд.

МыкІыжын уІэгъэ

Зауэ екІуэкІам и нэпкъыжьэ хэмыгъуэщэжын къызытенахэм ящыщщ Псыгуэнсу къуажэм дэс Кьардэнгъущіхэ я лъэпкъри. Абы къахэкІауэ щІалэ дапщэ мафІэ лыгъэм хэтами, псори хэкум хуэпэжащ, жьлэм, здикІа щІыналъэм, къэралым я пщІэр, Іыхубэм я хуитыныгъэр яхъумащ.

ТІУТІЭРЭ ДАДНЭХУРЭ

Си адэшхуэ ТІуТІэрэ си анэшхуэ Даднэхурэ зэдагъуэтат щІалихрэ хъыджэбзитІрэ: Кушыку, Аслъэнджэрий, Мэхьир, Хьэдис, Мишкэ, Назир, Быцэ, Уцэ. Зауэр къыщыхьеям, Кушыку унагъуэт, зы щІалэрэ зы хъыджэбзрэ иІэу. И шынэхъыщІэ Аслъэнджэрийрэ абырэ фронтым дашащ, бийр къызэрыттеуэу. Аслъэнджэрий унагъуэ хъуну хунэсатэкъым. Ещанэм, Мэхьир, Дзэм къулыкъ щищІэрт. Кушыку лІыгъэ хэлъу нэмыцэхэм зэрапащІэтам и щыхьэтщ абы «политрук нэмыцкэм щІэр зэрыщІащар. Абы и щхьэр хилъхьащ. Кърым щІыналъэм щекІуэкІа зауэ гуащІэм. Кушыкуи и шынэхъыщІэ Аслъэнджэрии лейтенант нэхъыжьу Іутащ фронтым. Илъэс 24-рэ фІэкІа зи мыныбжь щІалэм и псэр щитащ Иран гъунапкъэм.

Мэхьир зыхэхуар 115-нэ шуудзэщ. Абы щызауэурэ фэбжьышхуэ къьтекхуэри Орджоникидзе дэт хъуэщым щІэпсыпІащ. НэхъыфІ зэрыхьужу кІащІэкІыжри десантыдзэм хэтащ, парашютКІэ Іэджэрэ кьелъащ кхъухьлъатэм. Иужьу къыщелъам и Іэри и лъакъуэри кьутэри уІэгъэщым зэман кІыхькІэ щІэмылъу хуякъым. Абы иужькІэ ныкъуэдыкъуагъэкІэ къаутІыпщыжри и адэжь лъапсэм къэкІуэжащ, зэрихьа лЫгъэм и нэщэнэу медали кІэратауэ. Зауэ нэужьым ар щыІэжащ органэм, офицер кІуныкъу иЫгъыу. Унагъуэ хъарзыни зэригъэпэщащэу (Бекъалдыхэ япхъу Милэ щхьэгъусэ хуэхъуат), бынитхуи зэдагъуэтауэ дунейм ехьжащ, илъэс 50-м зэрыщхьэдэха щымыІэу. ПсэухункІэ, абы «уэху» жригъэІакъым и Іэпкъльапхъым кьыхэна шэ къутахуэм.

Зауэм хэкІуэдащ си адэшхуэмрэ си анэшхуэмрэ я малъхъэ закъуэри - тэкъыми, кьащІащ 9-нэ армэм и 570-нэ фочауэ полкым и зауэлІ Къалмыкъыр 1943 гъэм фокІадэм и 25-м 574-нэ ягъэІэпхъуэ хирургие уІэгъэщым зэрыщІэлІыхьар, Краснодар крайм щыІэ Красноармейскэ щІыналъэм щыщ станицэм зэрыщыщІалъхьар.

Дауи, Заури абы и къуэхэри ежьащ Даут щыщІалъхьа щІыпІэр къалъхьэну. Псом япэу ахэр Красноармейскэ военкоматым къакІуэри Потапенкэ Валентин хуэзащ. Абы псом нэхърэ нэхъыфІу ещІэ хэт дэнэ щыхэкІуэдами, сыт хуэдэ уІэгъэщым щІэлІыхьами, щыщІалъхьа щІыпІэри. «Полтавскэ станицэм дэт къхъэм щІэльщ», - къажриІащ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Зауррэ абы и гъусэхэмрэ кхъэм щыІащ икІи паркым ит фэеплъым Къалмыкъ Даут и цІэ-ынэцІэм къыщеджащ.

Зауэ жиІащ и адэр щыщІалъхьа щІыпІэм дяпэкІэ щІэх-щІэхьыурэ къызэрыкІуэнур. Апхуэдэу къилъыхьэнущ и адэ къуэшилплІри - абыхэм ящыщу

Псалъэ и пэр умыщІэмэ...

Мы тхыгъэ цІыкІур зи ІэдакъэщІэкІ журналистым, дауи, фІыщІэшхуэ хуэщІыпхъэщ апхуэдэ и гулъытэм папщІэ. Ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, абы нэсу къигъэлъэгъуэфакъым мы Іуэхум къызэрыщІидзар.

ЯПэщІыкІэ гупыр (ахэр фэеплъ сыным бгъэдэту сурэтым щыволъагъу: сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ Даут и пхъурылъху Мэршэнкъуэ Сэфарбий, Заур и къуэшым и къуэ Руслан, езы Заур, и къуэ Мухьэмэд сымэщ). Ростов областым щыІэ Сальск къалэм кІуащ, зыльхьхуэм и лъэужьыр абы щыІэ я гугъэу, арщхьэкІэ...

Си ныбжьэгъу Мэршэнкъуэ Сэфарбий къеІуэтэж:

- Сыт дымыщІами, дгъэзатакъым. Дзэ комиссариатым къыщыджалащ абы и хьэдэр мы щІыналъэм зэрыщІэмылъыр. ДыкъыщыщІэкІыжьым зы цІыхубз лъагэгуэрэфІэ гуэрым дыкъигъэувыІащ: «Зэ фымыпІащІэ. Сэ компьютеркІэ сыфхуэзгъэхьхуэнщ - ТекІуэныгъэм и махуэм и хьэтыркІэ, иджы дэ архивхэм тыншу дахоплъэф».

Севастополь къалэр хуит хъужащ.
1944 гъэ, накъыгъэм и 9

● Къамыгупсыса хъыбархэр

Дуней тетыкIэ екIу зиIа Мечиев Кязим

Псори дыщыгъуаззщ балъкъэр усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим зэчиишхуэ зэрыбгъэдэлъам. Абы и усэхэр цIыхубэм уэрэду къащтэрт. Абы и закъуэкъым: лей зезыхьэхэм яхуэгъэза Iэщзуи къыщIэкIырт.

Балъкъэрэм а зэманым езыхэм я тхыбзэ яIа-къым, ауэ цIыхухэм абы и усэхэр гукIэ зрагъа щIэрт.

Кязим къыщалъхуа Шыкъы къуажэр Балъкъэрым и жылагъуэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Мечиевыр мыгувэу цIэрыIуэ щыхъуаш Безенги ауэзым и мызакъуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ псом. Ар икIи усакIуэт, удэхэми фIыуэ хэзыщIкIт, гукIэ хьэлэмэтт. ИщIэ, зыхищIыкI псомкIи ар хущIэкъуащ цIыхухэм ядэIэпыкъуну. Нобэ дигу къэдгъэкIыжынщ абы къыдекIуэкI хъыбар зыбжанэ.

Мечиев Кязим

Укъулеймэ, уи гущIэгъур япэ итын хуейщ

Шыкъы щыпсэущ Жунус щIалэ цIыкIур. Ар лъахъшэт, гъурт, щхэут, дыхьэшхырейт, и акъылри зэтес дыдэтэкъым. Ауэ а зэманым я фIэщ хъурт Жунус хуэдэ цIыху хьэрэмыгъэншэм кIуажэ псор дефIакIуэу, дэтхэнэ жьлэми апхэудэ зыгуэр дэсын хуейуэ.

ЦIыхухэм Жунус яфIэгуэныхьт. Псори абы едэхащIэт, зыгуэрхэмкIэ хуэупсэрт. Псалъэм и хьэтыркIэ, Iуданэ фIыцIэхэм ириджэгун абы зэрыфIэфIыр псоми ящIэрти, ахэр иратырт.

Жунус фIыуэ илъагъуртэкъым гъуджэр: езым и теплъэр къызэрицIыр и гуапэтэкъым.

Зогъэр Жунус гу лъитащ мылъкур къызэбгкI Сыхьэтджэрий и пщIантIэм лэгъуп щыфIэдзауэ: лы ягъаварт. Лэпсым и щхьэкIэ къыдриздэйрт кIэтIий тхьэмбылыфэхэр.

ЩIалэ цIыкIум и гуруыпсыр къэжащ. Лэгъупым бгъэдыхьат, ауэ ар зэйр къыщIэкIиящ: «Сыт, емынэм укъихуа?!».

- КIэтIий гъэва сигу кьихьащ! Зэрызмышхрэ илъэс хьуагъэнщ.

- Зегъэхь! - Сыхьэтджэрий къыщIэгубжьащ. - Уэракъым ар зыхуэдгъавэр!

Гъыуэ, и нэхэм нэпсхэр щIилъэщIыкIыурэ Жунус IукIыжащ...

- Сыт къыпщыщIар? Хэт уи жагъуэ къэзыщIар? - къиргъэувыIащ ар Кязим.

Жунус, гъыурэ, къэхъуар хуиIуэтэжащ.

- Умыгъ! - Кязим и Iэр щIалэ цIыкIуэ и дамэм трилъхьащ. - Дэ а нэпсеижьым дыхурикъунщ! АбыкIэ кьиддэIэпыкъунщ щIалэ цIыкIуэр.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм къуажэ уэрамым уэрэд нэжэгужэ щыIурт, ар ину жаIэрт щалэ цIыкIу гупым. Шыкъы дэсхэр дыхьэшхырт. Псом хуэмыдуэу ягу ирихьат къулеижь ныбапIэм зыми дэмыгуашэу езым и закъуэ лэгъупым из лы зэришхар къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр. Уэрэдым къызэрыхэщыкIэ, ар къыщытэджыжым и гъуэнщэдж щхьэпсыр эпIчат, и ныбэр апхэудизу кьежьат. И гъуэнщэджыр щыхури, и напэр текIащ.

Мы уэрэдым Кязим къыщирагъэлъэгъуакъым ар зыхуиусам и цIэр. АрщхьэкIэ псоми къащIыхуащ Сыхьэтджэрий.

- А делэ щIыкIум кIэтIий Iыхьэ естын хуеящ! Апхэудэ къэхъуну щIэ мыгъэхъыжьм! Зы кIэтIий къэмынэу естынт! - жиIэрт абы.

АрщхьэкIэ кIасэ хъуат. Къулеижьым хуиуса ауанышI уэрэдыр мыгувэу кIуажэ псом щыжаIэ хъуащ.

Зэхуэгуапэ хуэдэ щыIэкъым

Кязим зэхихащ щIалитI - Тимборэрэ Таукъуэрэ - зэрызэфIэнам, уеблэмэ, зэрызэпщэфыIам и хьыбар. Иджы игъащIэкIэ зэбий хуэщ.

Ахэр иригъэблагъащ Кязим. ТIури и чэзум къэкIащ. Сэлам зэрахьэрэкъым, зызэрадзыну хъэзырщ. Кязим ахэр унэм щIишащ. Абы и кIуэцIым Iэнэ къащыхуигъэуващ.

- ФыпэрытIысхьэ Iэнэм, си хьэщIэхэ! Фешхэ, фефэ икIи фызэкIуж. Арыншащэ зыри фыщIэзгъэкIыжкъым. ЖысIэм къемыдаIуэм си жагъуэ къищIынущ.

Сыт кIащэхынт? Тимборэрэ Таукъуэрэ зэкIуежащ - лъахэ псом щIэрыIуэ цIыхум и жагъуэ ящI хъунутэкъыми. ЗэхуэгуфIэщ, IэплIэ зэхуащIри зэбгрыкIыжащ.

Нэмэзыр зэпыбгъэу хъунукъым, щыIэмалыншэм деж фIэкIа

Кязим хуабжьу динщIэкъут. Зэгуэр абы нэмэз щищIырт езым и кIыщым пэгъунэгъу псыежэх щIыкIум и Iуфэм деж. ЗанщIэу къилъэгуащ псы Iуфэм Iуту жэ щIалэщIэр. Ар кIэлъыплъырт псым ирихьэх пхъэхуэй къудамэ щIыкIум. Къудамэр зэм къыридзийрт, зэм архъуанэ щIилъафэрт. Сабийр дыхьэшхырт. Уеблэмэ илъэгуащкъым Iуфэм къаз гуп зэрыIусэр, зэрыгъэIейтейри, абыхэм загъэIэуэгуащ. Къазыхъуэм, зыкъиIэтри, къыхуэжэ сабийм къебгъэрыкIыащ. И дамэхэр зэIуихат, и пщэхэр шынагъуэу хишырт.

Кязим зиIэжьакъым. Ар къазыхъу губжьамрэ щIалэ цIыкIумрэ яку дэлъэдащ. Къазыхъур тегушхуакъым щIыху балигъым къытеуэн. Кязим ныжьыщIэр иутIыпщIжащ:

- ПсынщIэу кIуэж, щIалэфI!

Иужьк Iэ Алыхьым елъэIуащ нэмэзыр зэрызэпиудар хуигъэгъуну.

Мывэр быдэщ, псыр щабэщ, ауэ псым мывэр илъэсыфынущ

Унагъуэ зэзыгъэпэща щIалэм и Iуэху сыт и лъэныкъуэкIи тэмэмт, унэ щIихуэн щIыпIэр къыхуэгъэтыртэкъым жумыIэмэ. КъуажэкIэм деж хуэзэу щIыгу захуэ хуитыщхуэ хухахам и курыкупсэм мывэшхуэ илът. Ар апхэудизкIэ инти, цIыху къару пэлъэщынутэкъым ар игъэхьеину, зэгуэпхынущи, илъэс бжьыгъэ ихьынущ. ХэкIыпIэ къащIыхуэмыгъэтым, абыхэм къарагъэблагъащ Кязим, унафэ гуэр къэтхуиущынщ жаIэри. Кязим мывэ абрагъуэм и хъуреягъыр кьиклIухьащ, щIыпIэр зэпиплъыхьащ. Пэмыжьыжьу пхъэхуей мэз щытщ, адэкIэ псы йожэх.

- Дызэкъуэту деувалIэмэ, мы мывэр тхуIухынущ, - жиIащ Кязим.

ЦIыхухэм зыри кьагурыIуэрэкъым, апхэудэ мывэ бгъэхьеиныр акъылым къимытIасэ гуэрщ. Ауэ Кязим и жьэм къыжьэдэкIыр ящIэну хьэзырщ.

- Мэзым фыкIуэрэ пхъэ гъур къэфхь.

Лэжьыгъэм псори жыджэру еувэлIащ. Пхъэ зэхуахьэсар зытелъ мывэшхуэр иджы Iуащхьэ лъагэ хуэдиз хъуат. Ябыныкъуэ цIыхухэр абы ирибампIэурэ зэIущащэхэр:

- Мывэшхуэу щытати, иджы бгъашхуэ хъуащ. Ар дауэ Iутхыжын?!

Псори хьэзыр щыхъуэм Кязим унафэ ищIащ мывэм и хъуреягъым зэуэ мафIэ щIадзэну. Ар мафIэхуэз хъуащ. Абы и гуащIагъым цIыхухэр IуигъэкIуэтащ. МафIэр щыужьыхьыжьым, Кязим унафэ ищIащ псыежэхым щыщ кхъыурэ мывэм тракIэну. ЦIыхухэм ялъэкI зыри къамыгъанэу, уэру псыр щытракIэм, мывэм зэуэ бахьэшхуэ къыщхьэщицуащ. Мывэм чэн щIидзащ, Iыхьэ-Iыхьэурэ къыгуэхуу хуэжьащ. ИкIэм-икIэжьым мывэр зэпкърыщIащащ. Мывэшхуэ щэщар цIыхухэм тыншу зэщIакъуэжащ. ЩIыпIэр захуэ, хуит хъуащ. ИкIи цIыхухэр арэзы хъуащ апхэудэ тыгъэ Iущ Кязим щIалэгъуалэм зэрахуищIам папщIэ.

Езыр цIыкIущ, и зэраныгъэр куэдщ

Кязим и деж къыщIыхьа гъунэгъуэр гъыным хуэдэт.

- Си деж нобэ вакIуэхэр къэкIуэнущ.Ахэр згъэшэн хуейщ. Пы сиIэщ, махъсымэ фэндырэ из сщIащ. Ар фы дыдэ хъуат, ауэ абы дэзыгуэ хэхуащ. ИскIутыжьнущи, а къэмыр сигу пыкIыркъым, измыкIуту езгъэфэнущи, - хьэрэмщ. СщIэнур сщIэркъым. КъыздэIэпыкъу!

Кязим зы псалъи жимыIэу и гъунэгъум и деж кIуащ. Фэндырэм и щхьэр трихащ.

- Иджы... Псом япэу дзыгъэр къыхэтхынщ. Пэгунрэ шынакърэ къхъэ. Кязим сакъыпэурэ махъсымэр зэрыт чейм шынакъымкIэ къыщхьэщхьэпэ пэгуным ирикIащ. ГъущI кIапэр дэпым хуэдэу къэплъыхь мафIэм пэригъэлъри, ар махъсымэм хиIуащ, тхъурымбэ къытрищIэу къэкъуэлъэн папщIэ. Иужьым мафIэм шынакъым изу къригъахъуэри, зыри къримынэу ирифащ, и пащIэр илъэщIыжри, жиIащ: «Еуэ, иджы! Умышынэу хэти егъафэ! Махъсымэ бэлъхь пщIащ! Афэрым!»

Дэнэ сыщымыIами, си щхьэр яхузогъэлъэхъшэ тхьэмыщкIэхэм

Кязим зэи мыхьэнэ ириту щытакъым цIыхур зэрыхуэпа щыкIэм. Езыми зыщитIагъэ щыгъынхэр тIорысэ защIэт, лэжьат, текIыжат. Зэшыпхъэцищыр зэгурыIуэри, я дэлъху Кязим ягъэтIысауэ жраIэ: «Кязим, мыр сыт ми уи теплъэр зищIысыр? Мы джэдыгуэ пщыгъым и Iеягъ хъуар плъагъркъэ?! ИхъуреягъыР лэжьащ, текIыжащ. Ди напэри тыбох, ууейри зытыбохыж. Зухъ тхъэмыщкIэм щыгъ джэдыгури нэхъыфIыIуэщ ууейм нэхърэ. Джэдыгу щIэрыпс пхуэддащи, щытIагъэ!» - зэпеуэу мэшыдэ зэшыпхъуэр. Ахэр зэрымыувIэнуэ къызыгурыIуа Кязим зыри жимыIэу джэдыгур щитIэгъащ, и шыпхъэуэм фIыщIи пхуищащ.

Iуэху иIэу дэкIащ Кязим... Ар пщIыхьэщхьэм унэм щекIуэлIэжам, джэдыгу зэфIэтхъажьт щыгъыр. «Мыр сыт, дэнэ щыIэ уи джэдыгущIэр?!» - жаIэу зэшыпхъуэр щыщIэупщIэм, абы жиIащ: «Зухърэ сэрэ дызэхъуэжащ. Ар къуажэ куэдым кIуэн хуей мэхъу. Иджыпсту щыIэщ. Ар абы зэрыщыгъуфIыкIар флъэгъуащэрэт!»

НэгъуэщIым и хьэпшып зэщIэбупщIэмэ, уи щхьэр пуд хъунщ

Кязим и кузбжэм пэмыжьыжьу щIыпэ иIэт. Абы кIэртIоф щахъуэмэрт. Дунейр щыуэфIым деж щIыпэм и щхьэр трахырт, жыв щIрагъэхуну. Зэгуэрым кIэртIофым щыщ кхъэщIыдыгъуу щыс фызым Кязим ирихьэлIат. Фызыр щтауэ магъ, мабжэ, «Си напэр текIащ, сылIамэ нэхъыфIт!», - жиIэурэ зефыщIыж.

- Си гъунэгъу, умыгузавэ. Зыри къэхъуакъым! Уэ ущIалэщ, уIэну ухуэмыпIащIэ. ПIэн хуейр сэрат, уэ узыльэгъуа си нитIырат. Сэ бдзэльэгъуар дуней гъэкIи ахърэткIи зыми жесIэнукъым, абы щхьэкIэ умыгузавэ. КIэртIофу узыхуейм хуэдиз кIащтэ!

НэгъуэщIым дэгуашэр бей мэхъу

Къурмэн махуэм иукIыну Къэзахъстаным танэ хъищищэхуат Кязим. Зэрыгушын хуэй мардэм тету лыр ягуэшащ. Псори арэзыт, зы фызабэ закъуэ къищынэмыщIа. Абы биний иплъэт.

- Ар дауэ хъун, сабиитI-ци фIэкIа зимыIэхэми сэри ди Iыхьэр зэхуэдэу щхьэ щIит? Ар тэрэзкъым!

Мардэм тету лыр зэрагуэшар жраIэми, фызыр арэзы хъуртэкъым. Iуэхур зыIутыр Кязим щыжраIэжьм, абы унафэ ищIащ фызым аргуэру зы Iыхьэ иратыну. АрщхьэкIэ псори зэбграхат.

- Апхэудэу щыхъукIэ, сэ си Iыхьэм щыщ ефт, мис ар захуагъэщ,- унафэ ищIат Кязим.

КОММОДОВ Геннадий.

Шыкъы. Кязим и унэр.

● Ди псэлъэгъуэр

Гуэщокъуэ Арсен ЦСКА-м топ худегъэкI.

ГУЭЩОКЪУЭ Арсен:

Мэзкуу и «Спартак»-ми ЦСКА-ми топ дахэхэр зэрахудэзгъэкIам срогушхуэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм 2014 - 2015 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхэр ирихащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэххэм я дежкIэ ар зэрыхьэлэмэтар нэгъуэщI командхэм я щIыхьэр яхъумэу абы ди щIалэхэр зэрыхэтарщ. Гуэщокъуэ Арсен Екатеринбург и «Урал»-м нэгъабэ зыхьа, арщхьэкIэ мы гъэм и пэщIэдзэм «Спартак-Налшыкым» бдзэнду къыритыжащ. Ар нобэ ди псалъэгъуэ.

- Арсен, нэхъапэм ущыджэгуа командэм мазэ зыщыплIкIэ къыззэрыбгъэзэжар дауэ къыпщIихьуа?

- ФIы дыдэу. Уи унэжь хуэдэ щыIэкъым.

- **«ТэфIыпс» командэр мы ГъатхэкIэ къыщIевгъэблэгъам «Спартак-Налшыкым» уэхэту ебгъэкIуэкIа зэIущIэхэм я бжьыгъэ 100-м нэбгъэсащ.**

- Пэжкуи?! Хуабжьу гуапащ. Сэ бжьыгъэхэм апхэудэу саклэпыплъыркъым. Иджы сщIэнщ.

- Къызэрыбгъэзэжам Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхэр къызэрымыкIуэ щыгуфIыкIащ. Абы щыгъуэми къагурыIуакъым Екатеринбург и «Урал»-м уэхэту зы зэIущи премьер-лигэм щыщымыгъэкIуэкIар.

- СыщымыджэгуакIэ, тренер нэхъыщхьэм дзыхь къысхуимыщIыщIауэ аращ.

- Уэ уезыгъэблэгъа Тархановыр тренер нэхъыщхьэу кьэнэжат...

- «Урал»-м сыщыхьихьам фэбжь сиIэт. Ар хъужьыным мазитIым щIигъу текIуэдащ. АпщIондэхукIэ гупыр зэфIэуващ.

- Налшык бдзэжнду къэбгъэзэжьынир хэт зи жэрдэмыр?

- Екатеринбург и клубыр хуейт сэ сыджэгуну. Абы къыхэкIыу Налшык хуэдэ Iэмал къэгъуэтыгъуейт. Аратти, пъэныкъуэ псори дызэдаразэуэ къэзгъэзэжащ.

- Сыт хуэдэ кьалэнхэр а лъэхъэнэм зыхуэбгъэувыжат?

- Си къарухэр зэфIэзгъэувэжу, джэгум сыхэзэгъэжьын хуейти, ахэр схуэзэфIэкIауэ къызолъытэ. «Спартак-Налшыкыр» командэ лъэщщ икIи ар куэдкIэ къызэдэIэпыкъащ. МэкъуауэгъэувэнкIи пэщIэдзэм бдзэжндым и пIалъэр икIащи, мыгувэу «Урал»-м згъэзэжынущ.

- Ар премьер-лигэм зэрыхэт щыкIэм уекIэлъыплъа?

- АфIэкIа Iуэху симыIэу сригуэзвауэ схужьыIэнукъым. Пэжщ, турнир таблицэм щыIигъ увыпIэр сыт щыгъуи зззгъэщащ икIи си гуапэщ «Урал»-р премьер-лигэм къызэрыхэнар. Си дежкIэ мыхьэнэ иIэщ ар зыхэт гупыр сыт хуэдэми.

- Уэ укъэтыхукIэ «Урал»-м зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхьуащ. Тарханов Александр тренер нэхъыщхьэ къулыкъум трагъэкIри, абы и пIэкIэ Гончаренко Виктор ягъэуващ. Ар нэхъапэм Краснодар и «Кубань»-м зэрыщылэжьамкIэ пцIыхуу къыщIэкIынщ. СыткIэ ущыгугъэрэ абы?

- Дэтхэнэ тренерми уи зэфIэкIыр наIуэ щыщыпхъэщ. «Урал»-м щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм фIы къысхудэкIуэну сыщогугъ.

- Уэ иджыри уфызэхъумыщ?

- НтIэ.

- Футболист нэс къыпхэкIын папщIэ хэт сэбэп нэхъ къыпхуэхъуар?

- ФIыщIэ ин хуэсщIыну сыхуейщ си япэ тренер Нэгъуэй Хьэсэнбий. Аращ топджэгум япэ лъэбакъуэхэр щызэзэгъэчар. КIэбышэ Заур и фIыгъэщ футбол иным и бжэщхьэбгъэ щIыпIэр щыщыхьащ. Зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм СОБР-м и лIыкIуэхэм япэ, етIуанэ увыпIэу зырыз, ещанэ увыпIэу 4 щызыIэрагъэхьащ.

Урысей Федерацэм и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Кубокым щыщIэбэна зэхьэзэхуэм, Минеральные Воды щекIуэкIам, хэтащ УФ-м и субъектхэм я хабзэхьумэ Iэнатlэхэм комплексэ единоборствэмкIэ гупхэр. Къаркуэ псыхьаэу, Iэщlагъэм хуэIэзэу зэрыщытыр къагъэлъагъуэри, КъБР-м щыIэ МВД-м и «Эльбрус» гуп щхьэхуэм (СОБР) и командэм жэз медаль зыIэригъэхьащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

«Эльбрус»-м и зэфIэкIыр

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и СОБР-м и командэм къарузэхьэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм я зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр къыщиухащ. Зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм СОБР-м и лIыкIуэхэм япэ, етIуанэ увыпIэу зырыз, ещанэ увыпIэу 4 щызыIэрагъэхьащ.

Урысей Федерацэм и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Кубокым щыщIэбэна зэхьэзэхуэм, Минеральные Воды щекIуэкIам, хэтащ УФ-м и субъектхэм я хабзэхьумэ Iэнатlэхэм комплексэ единоборствэмкIэ гупхэр. Къаркуэ псыхьаэу, Iэщlагъэм хуэIэзэу зэрыщытыр къагъэлъагъуэри, КъБР-м щыIэ МВД-м и «Эльбрус» гуп щхьэхуэм (СОБР) и командэм жэз медаль зыIэригъэхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Зэхыхьэхэр

ЕхъулIэныгъэкIэ къаух

Промышленность псынщIэмкIэ колледжыр мы гъэм къэзыухахэм я зэфIэкIыр кьагъэлъэгъуащ мэкъуауэгъуэм и 18-м.

АБЫХЭМ я Iэдакъэщlэкlэхэр утыку кьыщрахьэ зэхуэс гуапэ щекIуэкIащ колледжым и унэм. НыжьыщIэхэм езыхэм ядьжа бостейжэр, кIэхэр, бэлъхэкэр, джанэхэр ящIыгъуу къыхьэурэ зыкъагъэлъэгъащ. Еджакlуэхэм я лэжьыгъэхэм ткIийуэ кIэлъыплъащ къэпщытакIуэхэр. Абыхэм яхэтащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творчествэмкlэ и центрым и унафэщI **Безрокъуэ Еленэ**, Сабийхэм щIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ я центрым и лэжьакIуэ **Арахъэ Эльмирэ**, промышленность псынщIэмкlэ колледжым и унафэщI **Текуевэ Нинэ**, нэгъуэщIхэри.

Еджакlуэхэм экзаменхэр ятащ икIи еджакIуэхэм утыку кьрахьа я Iэдакъэщlэкlэхэм пэкIуэу къалIыта разрядхэр хуагъэфэщащ. Абыхэм яхэтащ 4-нэ, 5-нэ, 6-нэ разрядхэр зратахэр.

Адакlэ кьащIыпащ щхьэцIыр жьыным зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр. Еджакlуэхэм щхьэцIыр кьыхащIыкIат теплъэгъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд.

Къэпщытакlуэхэр арэзы техуащ еджакIуэхэм ягъуэта щIэныгъэм икIи ныбжьыщIэхэм ехьэхьуащ дяпэкIи ехьулIэныгъэ яIэну, я зэфIэкIым хагъахьэу зэпыту лэжьэну, гъуэгу махуэ теувэну.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Тэмэму ягъэзащIэркъым

ЦIыху куэд щыпэкIу «Майчанка» опт-розницэ бззэрыпрэ щхьэзакъуэ хъарычэтыщIэ Къардэн Т. и сату комплексымрэ кьабзагъэзэмрэ мафIэс шынагъуэншагъэмрэ къызэрыщыязэрагъэпэщ щIыкIэр Май щIыналъэм и прокуратурэм кьипщIащ.

КъызэрахутамкIэ, санитар-эпидемие законодательствэр, мафIэс шынагъуэншагъэм, щэхуакIуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэным пыщIа хабзэхэр тэмэму ягъэзащIэркъым. Бэзэрым и Iуэхущlапlэхэм, и павильонхэм езырылажьэ сигнализацэкэр щагъэувакъым, мафIэсыр пэублэу зэрагъэункIыфI Iэмэпсымэхэр яIэкъым, сату щIыпIэхэр зэхэхауэ зэгъэбелджылакъым, сатуущIхэм я реестрыр зэкIэлъахьыркъым, апхэудэу кIэрыхубжьэрыху пкъыгъуэ быдэхэр Iузышхэм зэгурыIуэныгъэ хуаIэкъым.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, УФ-м и КоАП-м и 20.4-нэ, и 6.3-нэ, и 14.34-нэ статьяхэм кьыщыгъэльэгъуа куэншагъэхэр зэрилэжьыным къыхэкIыу, «Майчанка» МОРР-м и унафэщI КIэцыбей А. хуэгъэзауэ административнэ Iуэху къаIэтащ.

Апхэудэу щхьэзакъуэ хъэрычэтыщIэ Къардэн Т. УФ-м и КоАП-м и 20.4-нэ статьям и япэ Iыхьэмкlэ административнэ жэуапым ирашалIэ.

Къищынэмыщlауэ, КIэцыбей А., Къардэн Т. сымэ ныкъуасныгъэхэр ирагъэзэзэкIуэжын, абыхэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъын хуейхэм дисциплинэ жэуап ирагъэхьын щхьэкIэ, зыхуэфащэ тхылъхэр ягъэхьэзыращ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласа Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьакIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущlапlэхэм я ядэлжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм -42-26-41; суръэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм яхуэхъуна бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту я ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Корректорхэм я дэIэпкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэзбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №1057